

KISA KREDI NAN TAKS NAN FRÈ ASIRANS PA MWA YE?

Fason pou Konprann Kredi nan Taks nan Frè Asirans Ou pa Mwa: Chwa pou Moun ak Fanmi yo

Anpil moun ak fanmi kapab resevwa yon **kredi nan taks nan frè yo peye pa mwa**. Avèk yon kredi nan taks, w ap peye mwens lajan pou asirans sante.

Kisa Kredi nan Taks nan Frè Asirans pa Mwa Ye epi Kijan Yo Fonksyone? Kredi nan taks pou frè asirans sante pa mwa redui pri asirans sante. Ou kapab aplike kredi nan taks nan frè asirans pa mwa nan mache asirans NY State of Health. Si ou kalifye pou yon kredi nan taks, ou gen de (2) chwa:

- **Resevwa li “davans”** - Avèk chwa sa a, ou kapab chwazi pou yo aplike yon pòsyon oswa tout kredi a nan frè pou peye pou plan sante ou pa mwa. Ou peye yon pòsyon nan frè pa mwa epi IRS peye rès la.
- * **Enpòtan!** Si ou touche plis pase sa ou te espere a (pa egzanp - ou resevwa yon ogmantasyon salè oswa bonis), ou dwe rapòte chanjman sa a ba NY State of Health. Sinon, ou kapab gen pou remèt IRS lajan an.
- **Resevwa li “pita”** - Avèk chwa sa a, ou peye tout frè asirans lan chak mwa epi ou reklame kredi a lè ou ranpli fòm deklarasyon taks ou nan fen ane a. Kredi a ap bese kantite lajan ou dwe nan taks oswa l ap remèt ou lajan an nan RIS si ou pa dwe okenn taks.

Èske Mwen Kapab Resevwa yon Kredi nan Taks?

Oumenm ak fanmi ou ka kalifye resevwa yon kredi nan taks pou frè ou peye pou asirans sante ou pa mwa si:

- Ou pa gen asirans sante avèk plan sante gouvènman an tankou Medicaid, oswa si ou pa kalifye pou resevwa li;
- Fanmi ou touche mwens pase kantite lajan ki endike a chak ane; epi
- Patwon ou **pa** ofri asirans sante oswa asirans sante li ofri ou a **“chè anpil”** (pri yo pi plis pase 9.5% revni moun lakay ou) oswa **“pa apwopriye”** (pa garanti omwen 60% depans medikal yo).



Konbyen Lajan Mwen Kapab Jwenn nan yon Kredi nan Taks?

Kantite lajan an ap depannde kantite moun ki nan fanmi ou ak revni ou. Fanmi ak moun ki gen revni ki pa touche ase revni yo ap kalifye pou yo resevwa pifò èd la.

Èske Mwen Gen pou Ranpli yon Fòm Deklarasyon Taks sou Revni pou Jwenn Kredi nan Taks pou Frè pou Asirans Sante pa Mwa?

Wi. Menmsi ou chwazi pou resevwa kredi nan taks la davans, ou dwe toujou ranpli fòm deklarasyon taks sou revni ou pou ane a.

Kisa pou Mwen Fè Si Mwen Pa Dwe Okenn Taks? Èske Mwen Toujou Kapab Jwenn yon Kredi?

Wi, kredi nan taks nan frè pa asirans lan pa mwa **ranbousab**. Sa vle di sou ou pa dwe taks, IRS ap fè depi nan kont labank ou oswa y ap voye yon chèk pou ou pa lapòs pou kantite lajan kredi a.

Èske Mwen Kapab Itilize Kredi nan Taks yo pou Nenpòt Plan Asirans Sante?

Non, ou kapab itilize kredi nan taks nan frè asirans pa mwa yo **sèlman pou asirans sante ou achte nan NY State of Health**. Mache sa a ofri plan sante kalifye ki gen avantaj jeneral tankou pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon, tan ou pase nan lopital ak vizit nan klinik doktè.

Kisa pou Mwen Fè Si Revni Mwen Chanje, oswa Si Mwen Marye, Divòse, oswa si Mwen Gen yon Timoun?

Ou dwe fè NY State of Health konnen si gen chanjman nan revni ou oswa nan kantite moun k ap viv lakay ou. Answit, Marketplace ap re-kalkile kredi ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa sou swen sante epi pou konnen si ou kalifye pou yon kredi nan taks pou frè asirans pa mwa, ale sou sitwèb NY State of Health nystateofhealth.ny.gov oswa rele nimewo 1-855-355-5777

FLY-923 (D)

Dènye chanjman: 04/2016

NYC Human Resources Administration Office of Citywide Health Insurance Access bay fèy done sa yo pou enfòmasyon sèlman. Tanpri kontakte konpayi asirans ou, koutye asirans ou, konseye taks ou, oswa otorite kontwòl eta a pou konprann dwa ak responsablite ou yo. Pou asire gen konfòmite avèk egzijans Règleman Trezò Etazini enpoze, n ap fè ou konnen nenpòt konsèy fiskal Etazini ou kwè ki endike nan komunikasyon sa a (ansanm ak nenpòt dokiman siplemantè) pa la oswa pa ekri pou ou itilize, epi ou pa kapab itilize li pou (i) evite sanksyon anba Kòd Internal Revenue oswa (ii) pou fè pwomosyon, pou fè maketing, oswa pou fè rekòmandasyon ba yon lòt moun nenpòt tranzaksyon oswa zafè ki endike nan komunikasyon an.

NYC
Human Resources
Administration
Department of
Social Services

**HEALTH
INSURANCE
LINK**